



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO LANSE EXPANSYON RESIF ATIFISYÈL ISTORIK AK DEPOZE MACHIN TREN NAN RESIF HEMPSTEAD LA

*Deplwaman machin tren, remokè, ak tibin an asye nan Resif Hempstead pral amelyore abita maren an ak amelyore lapèch rejyon an*

*Wells Fargo Rail Corporation fè don 75 machin tren bay Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal la pou sipòte Pwogram Resif New York la*

*Twazyèm ane ekspansyon resif atifisyèl Eta a ranfòse ekonomi Long Island lan, li ogmante opòtinite pou touris ak lwazi*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo lanse twazyèm ane nan pi gwo ekspansyon resif atifisyèl nan istwa New York nan kad efò kontinyèl Eta a pou devlope yon ekosistèm maren pi fò, pi divès epi ofriabri pou pwason ak lòt bèt maren bò kòt Long Island yo. Gouvènè Cuomo te mande deplwaman estratejik materyèl yo resikle yo—ki gen ladan yon machin tren Wells Fargo Rail Corporation te bay (ki se premye nan yon don 75-machin) ak remokè an asye ki mezire 70 pye, "Jane"—Resif Hempstead (Hempstead Reef) gen pou amelyore lavi nan lanmè divès New York lan epi ankouraje endistri rekreyatif, ak lapèch espòtif ak endistri plonje Long Island yo. Yo ta dwe depoze kenz machin tren anplis ak yon tibin an asye nan Resif Hempstead la kòm yon pati nan premye faz deplwaman.

"Ekspansyon pwogram resif atifisyèl eta temwanye angajman enkondisyonèl New York nan prezèvasyon ak restorasyon anviwonmantal an absans lidèchip federal la ki kontinye mete sante ekosistèm vilnerab yo an danje", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk machin tren ak remokè sa a yo depoze nan Resif Hempstead, nou kontinye bati sou efò nou yo pou dinamize ekonomi lokal yo ak bati yon anviwonman maren ki pi an sante pou jenerasyon k'ap vini yo."

Sou òdonans Gouvènè an avril 2018, epi ak kowòdinasyon san presedan ant plizyè ajans, materyèl ki resikle ki soti nan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA)/Canal Corporation, ak Otorite Thruway la (Thruway Authority) pami lòt patnè piblik ak prive epi ap sèvi pou nouvo itilizasyon epi ede devlope sit resif atifisyèl New York yo.

Nan diskou Eta Leta 2020 li an, Gouvènè Cuomo te angaje nan double sipèfisi Resif ki deja egziste nan New York nan elaji sèt nan 12 sit ki deja egziste yo ak kreye kat

nouvo resif atifisyèl nan Detwa Long Island ak nan Oseyan Atlantik la. Ekspansyon sa a pral acheve dis 2022, sa ki pral lakòz yon ekosistèm maren ki pi fò ak pi divèsifye.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ap jere 12 resif atifisyèl eta a, ki enkli de resif nan Detwa Long Island nan, de nan Gran Bè Sid la, ak wit nan Oseyan Atlantik la. Resif Hempstead lan se yon espas ki mezire 301 ekta ki sitiye a 5 kilomèt notik de Pak Eta Jones Beach la nan Oseyan Atlantik la, ak pwofondè ki rive jiska 50-72 pye, se destinatè materyèl resikle ki pi resan. Ekspansyon kontinyèl resif atifisyèl New York yo sipòte efò Gouvènè Cuomo pou ranfòse endistri touris, lapèch, ak endistri plonje Long Island yo.

Yo plase materyèl yo itilize pou ekspansyon resif yo èstratejikman e genyen ladan yo estrikti ki solid, epi ki dirab tankou wòch ak beton. DEC sipèvize netwayaj kontaminan nan materyèl resif resikle yo pou diminye enpak potansyèl sou lavi nan lanmè a anvan yo te deplwaye yo nan sit resif yo. Materyèl yo deplwaye nan Resif Hempstead la gen ladan 16 machin tren ke Wells Fargo Rail Corporation bay DEC, yon tibin an asye ke NYPA/Canal Corporation ofri, ak remokè an asye 70 pye, "Jane". Lè materyo yo ak bato yo fin poze anba lanmè a, pi gwo pwason yo, tankou pwason nwa, pwason lou nwa, mori, ak kardo lete anmenaje pou vin konstwi abita yo andedan nouvo estrikti yo, epi òganis ankwoutan yo tankou zwit yo, eponj yo, anemòn yo, koray yo, ak moul yo ap kole sou yo epi kouvri materyo a. Pandan tan ap pase, estrikti resikle sa yo kreye yon abita ki prèske menm jan ak yon resif natirèl.

Se DOT, NYPA/Canal Corporation, Otorite Thruway (Thruway Authority), DOT Vil New York, ak Tutor-Perini Corporation ki te bay materyèl yo te deplwaye an 2018 ak 2019 nan Resif Hempstead la epi li genyen ladan:

- 4.5 liv materyo ki soti nan ansyen Pon Mobil Mill Basin (Mill Basin Drawbridge) an, gen ladan batiman gerit, Debakadè 7, beton sipò pon ansyen pon mobil la, lòt batiman pon mobil ak baryè an beton yo deklase yo
- Karant sèt keson an asye plen ak beton ki mezire jiska 34 pye nan longè ki te sipòte otrefwa Pon orijinal City Island lan
- Materyo Pon Tappan Zee yo te deplwaye yo gen ladan pano pon wout an beton yo, estrikti enferyè an beton (kolòn ak kouvèti yo) ak pil tiyo an beton yo
- De bato Canal Erie ki mezire 115 ak 75 pye respektivman
- De gwo wou tibin NYPA a ki totalize 140 tòn
- Kat pon treyi DOT, ak
- Twa baj materyo Pon Tappan Zee yo gen ladan teras an beton, sipò pon yo ak pil tiyo yo

**Komisè DEC an, Basil Seggos, te di,** "Pandan ke administrasyon Trump la ap elimine inisyativ anviwonmanal yo aktivman, Gouvènè Cuomo ap priorize anviwonman New York la, etabli estanda pou lòt eta yo swiv. Abita ak resous maren New York yo bay opòtinite lwazi an abondans, e avèk ekspansyon resif ki deja egziste

yo ak angajman Gouvènè a pou kreye nouvo resif, eta nou an ap soutni angajman li nan yon anviwònman maren ki pi an sante, plis dinamik, ak divès ki kontribye nan ekonomi nan kominote kotyè yo. Anplis de sa, mwen vle remèsye Wells Fargo Rail Corporation pou don machin tren jenere e dirab yo pou sipòte ekspansyon resif kontinyèl New York la".

**Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA te deklare,** "Gouvènè Cuomo ap dirije yon fwa ankò efò nasyon an pou asire ke abita natirèl nou yo pwoteje ak pwospere pou jenerasyon k'ap vini yo. NYPA ak Canal Corporation pran angajman pou agrandi resif atifisyèl New York yo pou nou ka kontinye amelyore ekosistèm maren eta nou an pandan n'ap estimile ekonomi lokal yo atravè lwazi ak touris elaji".

**Bill Daley, vis pwezidan zafè piblik nan Wells Fargo, te deklare,** "Chanjman Klima se youn nan pi gwo defi nan tan nou an, epi Wells Fargo konsantre sou ede kominote nou yo adrese enpak previzib li yo. Donasyon machin tren nou yo pou kreyasyon yon resif atifisyèl sou kòt Long Island se yon apwòch inovan ki aliyen avèk efò Wells Fargo yo pou sipòte dirabilite anviwònmantal ak biyodivèsite amelyore. Nou fyè pou nou sipòte pwojè sa a kòm yon investisman entelijan nan avni anviwònmantal ak ekonomik rejyon an".

Nan mwa avril 2020, DEC te finalize yon Deklarasyon Jenerik Siplèmantè sou Enpak Anviwonmantal (Supplemental Generic Environmental Impact Statement, SGEIS) pou Pwogram Resif Atifisyèl la pou adrese avansman nan syans ak ekspètiz ki gen rapò ak devlopman resif atifisyèl. SGEIS la pwopoze agrandi, kreye, ak kontinye itilize sit resif bò rivaj New York yo. Yo te devlope premye Deklarasyon Jenerik sou Enpak Anviwonmantal (Generic Environmental Impact Statement, GEIS) ak Plan Resif Atifisyèl an 1993.

Resous nan lanmè New York yo enpòtan anpil pou ekonomi Eta a, nan sipòte prèske 350,000 djòb epi jenere plizyè milya dola atravè endistri touris, pèch ak lòt endistri ankò. Plis pase 500,000 pechè nan rejyon an pral pwofite de avantaj inisyativ Gouvènè a, ki ap sipòte ekonomi marin rejyon an ki ap devlope ki reprezante apeprè 9.7 pousan nan Pwodwi Enteryè Brit (Gross Domestic Product, GDP) total Long Island lan.

Konstriksyon resif atifisyèl la fè pati New York Ouvri pou Lapèch ak Lachas (New York Open for Fishing and Hunting Initiative) Gouvènè Cuomo a, ki se yon efò k ap fèt pou amelyore aktivite lwazi pou pwofesyonèl espòtif fanm kou gason ki soti nan eta ak andeyò eta a yo ak pou estimile aktivite touristik toupatou atravè eta a. Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Resif Atifisyèl DEC a vizite sitwèb DEC a.

Pwogram Resif Atifisyèl New York la se yon egzanp angajman Gouvènè Cuomo pou restore ekosistèm ak ekonomi nan lanmè yo. Konbine avèk pi gran akò ewolyèn olaj zòn kot yo nan nasyon an, investisman rekò sou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund) la ak Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act), yon entèdiksyon sou foraj nan zòn kot yo, adopsyon 'pwojè lwa

'Bunker' a pou entèdi itilizasyon filè ak senn pou pwoteje espès fondamantal sa yo, pwogrè kontinyèl Inisyativ Restorasyon Fwidmè Long Island (Long Island Shellfish Restoration) lan, ak lòt pwogram pou pwoteje ak amelyore kalite dlo, efò Gouvènè a yo ap reyalize yon anviwònman nan lanmè pi pwòp ak pi bon pou tout Nouyòkè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)